

# ELEKSYON 2023 YO: SA OU BEZWEN KONNEN SOU **PÈMAN FON PIBLIK**

**Felisitasyon—ou enskri nan pwogram fon an kontrepaci an (matching funds program)!** Pwogram nan pèmèt plis kandida ale nan elekson pandan y ap asosye kontribisyon abitan vil la ak fon publik. Pou konnen plis fonksyònman pwogram nan ak avantaj li bay kandida yo ak publik la [isit](#).

Dokiman oryantasyon sa bay yon apèsi sou egzijans ak delè pou respekte pou ka elijib pou fon publik yo, kalandriye pèman, retni sou pèman fon publik yo ak pwoblèm konfòmite ki ta ka anpeche w resevwa fon publik yo pou elekson 2023 yo.

Resevwa fon publik se yon gwo responsabilite. Ou dwe rann kont sou fason ou depanse chak gren dola publik kanpay ou a resevwa. Fon publik yo ka depanse sèlman pou “depans kalifye”—depans ki an favè elekson ou a **epi** ki deklare ak dokimante kòrèkteman epi nan yon bon delè. Fè dilijans konsènan deklarasyon ak anrejistrem: dokimnate depans ou yo nan moman chak tranzaksyon avèk fakti detaye, resi, kontra lokasyon, kontra, ak fèy ki gen lè yo, antre yo nan C-SMART epi deklare yo nan peryòd divilgasyon aplikab la. Fon publik yo ka egal jiska 89% nan limit depans ou, kidonk asire w ou depanse sèlman fon kanpay la pou depans ki kalifye yo e depans sa yo byen dokimante. **W ap gen obligasyon pou ranbouse fon publik yo si ou pa deklare ak dokimante depans kalifye ki egal ak montan fon publik kanpay ou a te resevwa** Aprann plis sou resepsyon ak itilizasyon fon publik yo lè w li [Tiliv sou finansman kanpay la](#). Gade tou [Lwa sou Finansman Kanpay Elektoral](#) ak [sou Komisyon Finansman Kanpay \(CFB\)](#).

**Nòt:** Sik elektoral 2023 a konsène kandida ki nan kous pou konsèy minisipal **sèlman**. Yon dokiman oryantasyon pou sikl elektoral 2025 lan nan tout vil la ap publiye an janvye 2024.

## EGZIJANS

Pou resevwa fon publik yo, kandida yo dwe rejwenn pwogram fon an kontrepaci (matching funds program) an, konfòmeman ak lalwa sou finansman kanpay (Campaign Finance Act) la ak règ Konsèy la (Board Rules), gen omwen yon advèsè, sètifye entansyon yo pou ranpli tout kondisyon pou ka sou bilten vòt la, epi ranpli tout kondisyon k ap vini yo nan delè espesifik pou chak dat pèman (pp. 3-5):

- Lè ou enskri kòm kandida atravè [Pòtay CFB \(Komisyon Finans Kanpay\) a](#), **fè konnen ou swete antre nan pwogram fon an kotnrepaci a.** (Si ou enskri deja, ou ka modifye enskripsyon an pou antre nenpòt moman jiska dat limit la 1ye me 2023). Kandida a ak trezorye a, tou de dwe konekte, verifye ak soumèt enskripsyon an.
- Atenn limit finansye an 2 pati ki se yon limit** pou kontribisyon ki ka an kontrepaci (matchable contributions) nou ka ranmase nan men rezidan Nouyòk yo.

- Soumèt tout eta finansye yo** avan [dat limit aplikab yo](#).
- Ranpli tou de, Fòmalite yo ak C-SMART [trainings](#).**
- Soumèt deklarasyon finansye pèsonèl yo** bay [Komisyon Konfli Enterè a \(COIB\)](#).
- Ou ta dwe soumèt yon **Deklarasyon Bezwèn** pou sètifye advèsè w la respekte youn nan kritè k ap vini yo: Li [Gid Deklarasyon Sètifye nesesè](#) pou konnen kilè yo egzije yon deklarasyon ak enstriksyon detaye pou prezantasyon li.
- Si ou te nan yon eleksyon pase, ou dwe peye penalite ak obligasyon ranbousman fon publik bay BFC, si posib.
- Si ou pèdi nan yon eleksyon primè, men ou se kandida pou eleksyon jeneral sou yon lòt liy, ou dwe soumèt yon [Eta kandidati aktiv](#) avèk dokiman awopriye pou ka elijib nan fon publik eleksyon jeneral la.

Dat limit pou ranpli chak gress egzijans sa yo varye selon dat pèman fon publik yo. Dat limit pi bonè yo aplike lè w mande yon pèman avan vòt la. N ap jwenn dat limit ki asosye ak chak dat pèman yo nan tablo anba Kalandriye ak Tip Pèman Fon Publik yo.

## KALANDRIYE AK TIP PÈMAN FON PUBLIK

Gen 13 dat pèman ki prevwa pou sikl elektoral 2023 a. Tout kandida k ap patisce yo gen posibilité pou kalifye pou fon publik nan senk dat pèman avan vòt la. Pou uit pèman ki rete yo, nou dwe sou bilten vòt eleksyon prensipal oswa jeneral la pou nou elijib. Pou kalifye pou nenpòt fon publik, ou dwe respekte yon limit finansye ki gen de (2) pati ladann.

Fonksyon	Fon minimòm ki ranmase	Kantite minimòm kontribitè
Konsèy minisipal	\$ 5 000	75*

\*Yon minimòm 75 kontribisyon pou omwen 10 dola chak dwe tanmase nan men rezidan distri yo.

To korespondans (matching rate) lan, montan dola maksimòm pou kontrepatti pou chak kontribitè ak montan maksimòm fon publik pou chak kontribitè se:

Fonksyon	To Korespondan (Matching rate)	Montan ki Elizib pou Kontrepatti pou chak Kontribitè	Maksimòm Fon Publik pou chak Kontribitè
Konsèy minisipal	\$ 8 pou \$ 1	\$175	\$1.400

Montan maksimòm fon publik ou kapab resevwa kòm kandida Konsèy minisipal la afiche pi ba a- si ou sou bilten vòt nan eleksyon primè ak eleksyon jeneral la, ou ka kalifye pou maksomòm pou chak eleksyon.

Fonksyon	Pèman Fon Publik maksimòm pou <b>Eleksyon Primè</b>	Pèman Fon Publik maksimòm pou <b>Eleksyon Jeneral</b>
Konsèy minisipal	\$184.000	\$184.000

**Nòt:** Fon publik ou resevwa avan eleksyon an konte nan kalkil maksimòm ou ka resevwa pou eleksyon primè a (oswa eleksyon jeneral si pa gen eleksyon primè).

## PÈMAN ANVAN VÒT YO

Gen **senk dat pèman avan vòt la**. Kandida yo dwe respekte **tout** egzijans ki site nan delè ki anba pou yo ka elijib poun yon pèman fon publik yo.

**Dat ki afiche anba yo koresponn ak dat limit pou resevwa premye pèman fon publik nan dat sa.** Ou pa oblige respekte egzijans sa yo pou chak pèman, men ou dwe kontinye kolekte fon ak divilge lòt demann pèman valid ki koresponn nan deklarasyon ou yo epi/oswa regle deklarasyon envalid pou kalifye pou pèman siplemantè, jiska pèman maksimòm fon publik yo. Sonje, gen 13 posibilité pèman total pou sik elektoral 2023 a!

Egzijans	Pou resevwa premye pèman sou				
	15 Desanm 2022	17 Janvye 2023	15 Fevriye 2023	15 Mas 2023	17 Avril 2023
<input type="checkbox"/> Atenn limit finansye de pati <a href="#">yo</a>	DS #1 (echeyans 15 Jiyè 2022)	DS #2 (echeyans 17 Janvye 2023)		DS #3 (echeyans 15 Mas 2023)	
<input type="checkbox"/> Soumèt yon pati nan ane <a href="#">COIB divilgasyon finansye</a>	1ye Novanm 2022			N/A	
<input type="checkbox"/> <a href="#">Rejwenn</a> Pwogram nan <input type="checkbox"/> Ranpli <a href="#">kondisyon</a> fòmasyon yo <input type="checkbox"/> Soumèt <a href="#">Deklarasyon Bezwèn</a> (si yo nesesè) <input type="checkbox"/> Soumèt Repons lan Pou Revizyon Deklarasyon bonè (pa obligatwa)*	23 Novanm 2022	22 Desanm 2022	25 Janvye 2023	22 Fevriye 2023	27 Mas 2023
<input type="checkbox"/> Soumèt deklarasyon finansyè <a href="#">COIB a pou tout ane a</a>	30 Janvye 2023 †	23 Janvye 2023 ‡	21 Fevriye 2023	21 Mas 2023	

**Pou resevwa pèman fon publik avan eleksyon yo, kandida yo dwe opoze yo ak omwen yon lòt kandida ki enskri nan CFB a pou menm pòs la.**

\* Ou ka an mezi pou demonstre ou te atenn limit la oswa ogmante montan pèman fon publik ou lè soumèt yon repons nan revizyon deklarasyon avan dat limit ki endike pou revizyon deklarasyon yo (omwen 15 jou ouvrab anvan dat pèman an) epi konpansasyon tout demann korespondans envalid (IMC); gade chapit 5 lan nan [manyèl la](#).

† Kandida ki soumèt divilgasyon finansyè COIB pou yon pati nan ane epi ki rejwenn fon publik an desanm 2022 ak/oswa an janvye 2023 ap gen pou remèt fon publik sa yo, si yo pa prezante divilgasyon COIB a pou tout ane avan dat sa.

‡ Kandida k ap chèche peman 15 fevriye a dwe soumèt divilgasyon COIB pou tout ane a anvan dat sa a, kèlkeswa si yo te soumèt fichye pasyèl ane a.

**BIDJETIZASYON:** Si ou resevwa fon publik depi nan kòmansman—espesyalman si ou elijib pou maksimòm—ou dwe byen fè bidjè pou fon sa yo pou asire w gen ase fon pou fè kanpay la jiska jou elekson ansan w pa depase [limit depans lan](#).

**ESTATI BILTEN VÒT:** Menm lè pèman davans sa yo ap fèt avan bilten vòt yo fikse, ou dwe parèt sou bilten vòt yo pou omwen yon elekson oswa w ap gen yon gwo obligasyon pou ranbouse. **Si ou pa mennen kanpay aktif, ak tout kolèk ak soumisyon siyati petisyon an bay Konsèy Elektoral Vil Nouyòk la (BOE), w ap gen pou remèt tout fon publik ou te resevwa yo.** Kandida ki prezante yon petisyon, men ki pa rive jwenn bilten vòt, dwe depanse fon publik yo sispann imedatman epi ka fè fas ak yon gwo obligasyon ranbousman.

## PÈMAN ANVAN VÒT YO

### ELEKSYON PRIMÈ

Sèl kandida ki sou bilten vòt epi ki opoze ak elekson primè ak ki ranpli tout kondisyon nan delè ki afiche anba ki elijib pou fon publik primè yo. Si ou deja ranpli egzijans sa yo epi ou elijib pou yon pèman avan elekson, ou pa bezwen ranpli yo ankò pou resevwa pèman siplemantè (sof yon nouvo [Deklarasyon Bezwèn](#) ka nesesè pou resevwa montan total pou fon ou elijib la); kontinye kolekte ak soumèr demann finansman siplemantè ki koresponn nan deklarasyon ou yo. **Sonje:** Nenpòt fon publik ou resevwa avan elekson an konte nan kalkil maksimòm ou ka resevwa pou elekson primè a.

Gen **Twa dat pèman ki planifye** pou elekson primè 2023 a.

Pou resevwa premye pèman sou			
Egzijans	15 Me 2023	2 Jen 2023	23 Jen 2023
<input type="checkbox"/> Atenn limit finansye de pati <a href="#">yo</a>	DS #3 (echeyans 15 Mas 2023)	DS #4 (echeyans 26 Me 2023)	DS #4 (echeyans 16 Jen 2023)
<input type="checkbox"/> Soumèt <a href="#">Deklarasyon Bezwèn</a> (si yo egzije)	24 Avril 2023	26 Me 2023	
<input type="checkbox"/> Ranpli <a href="#">kondisyon</a> fòmasyon yo	24 Avril 2023	11 Me 2023	22 Me 2023
<input type="checkbox"/> <a href="#">Rejwenn</a> Pwogram nan		1 Me 2023	
<input type="checkbox"/> Soumèt deklarasyon finansyè <a href="#">COIB a pou tout ane a</a> <sup>†</sup>		5 Me 2023	

**Pou resevwa pèman fon publik apre bilten vòt la fikse, kandida yo dwe opoze ak yon lòt kandida sou bilten an.**  
Fon publik yo limite nan 25% maksimòm pou pèman primè yo sof si ou oswa yon advèsè pa soumèt yon [Deklarasyon Bezwèn](#) (pa egzijans pou syèj ouvè yo).

\* Deklarasyon bezwen yo dwe prezante pou pi ta nan dat limit deklarasyon avan an oswa 15 jou ouvrab anvan dat pèman an, selon dènye dat nan sa a, jiska dat final deklarasyon avan elekson 32 jou a.

<sup>†</sup> Selon lalwa, divilgasyon finansyè COIB a dwe fèt nan 25 jou ki suiv dènye jou depo petisyon deziyasyon yo oswa petisyon nominasyon endepandan yo. Kòm nan dat 31 mas 2023, Lejislati nan Eta Nouyòk la te repòte dat limit deziyasyon petisyon an soti 6 pou rive 10 avril, dat limit COIB a chanje soti 1ye me jiska 5 me 2023.

## ELEKSYON JENERAL

Sèl kandida ki sou bilten vòt pou eleksyon jeneral epi ki ranpli tout kondisyon nan delè ki afiche anba ki elijib pou resevwa fon publik pou eleksyon jeneral. Jeneralman, yo fikse bilten vòt la kèk semèn apre BOE a sètifye rezulta eleksyon primè yo. (Pou aprann plis sou pwoesis ak kalandriye pou etabli bilten vòt nan eleksyon jeneral la, [vizite sit entènèt BOE a](#).) Ou "sou biltyen vòt eleksyon jeneral la" sou yon liy patikilye si (a) ou nan te kous pou eleksyon primè e ou te genyen selon rezulta eleksyon sètifye yo (oswa ou pa t gen okenn opozisyon pou sikonskripsyon ak liy pati, yon fason okenn primè pa t fèt), oswa (b), ou te prezante ak siksè petisyon pou kandidati endepandan pou eleksyon jeneral la. **Nòt:** Si ou nan kous pou eleksyon primè epi ou pèdi, men ou se kandida pou eleksyon jeneral sou yon lòt liy, ou dwe soumèt yon [Deklarasyon kandidati aktiv](#) avèk dokiman apwopriye ki montre ou toujou nan kanpay pou ka elijib nan fon publik eleksyon jeneral la.

Gen **senk dat pèman ki prevwa** pou eleksyon jeneral 2023 yo, ak dat limit elijibilite ki nan tablo anba a. **Nòt:** Si ou deja ranpli egzijans sa yo epi ou elijib pou yon pèman avan eleksyon, ou pa bezwen ranpli yo ankò pou resevwa pèman siplemantè nan eleksyon jeneral la; jis soumèt demann korespondans siplemantè nan chak peryòd divilgasyon. Sepandan, tout kandida ka resevwa sèlman 25% nan fon publik maksimòm pou eleksyon jeneral la, sof si yo pa soumèt yon [Deklarasyon Bezwen](#), oswa advèsè te deja resevwa fon publik pou eleksyon jeneral la.

Pou resevwa premye pèman sou					
Egzijans	15 Jiyè 2023	10 Out 2023	31 Out 2023	13 Oktòb 2023	2 Novanm 2023
<input type="checkbox"/> Atenn limit finansye de pati <a href="#">yo</a>	DS #5 (echeyans 16 Jen 2023)	DS #6 (echeyans 17 Jiyè 2023)	DS #7 (echeyans 25 Out 2023)	DS #8 (echeyans 6 Oktòb 2023)	DS #9 (echeyans 27 Oktòb 2023)
<input type="checkbox"/> <a href="#">Rejwenn</a> Pwogram nan	1 Me 2023				
<input type="checkbox"/> Ranpli <a href="#">kondisyon</a> fòmasyon yo	22 Me 2023				
<input type="checkbox"/> Soumèt <a href="#">Deklarasyon Bezwen</a> (si yo egzije)	23 Jen 2023	20 Jiyè 2023	25 Out 2023	6 Oktòb 2023	6 Oktòb 2023
<input type="checkbox"/> Soumèt deklarasyon finansyè <a href="#">COIB a pou tout ane a</a>	26 Jen 202 <sup>†</sup> 3				
<input type="checkbox"/> Soumèt <a href="#">deklarasyon kandidati aktif</a> (si ou pèdi primè a)	N/A	20 Jiyè 2023	10 Out 2023	6 Oktòb 2023	6 Oktòb 2023

**Pou resevwa pèman fon publik apre bilten vòt la fikse, kandida yo dwe opoze ak yon lòt kandida sou bilten an.**  
Fon publik yo limite nan 25% maksimòm pou pèman eleksyon jeneral yo sof si ou oswa yon advèsè pa soumèt yon [Deklarasyon Bezwen](#). Dat rezulta eleksyon primè yo ka gen efè sou Elijibilite pèman 17 jiyè a.

\* Deklarasyon bezwen yo dwe prezante pou pi ta nan dat limit deklarasyon avan an oswa 15 jou ouvrab anvan dat pèman an, selon dènye dat nan sa a, jiska dat final deklarasyon avan eleksyon 32 jou a.

<sup>†</sup> Selon lalwa, divilgasyon finansyè COIB a dwe fèt nan 25 jou ki suiv dènye jou depo petisyon deziyasyon yo oswa petisyon nominasyon endepandan yo. Kandidaki pa prezante sou yon liy endepandan yo te gen yon dat limit avan sa (5 Me 2023).

## RETNI AK DEDIKSYON SOU FON PIBLIK

CFB kenbe 5% sou chak pèman fon publik jiska dat dènye pèman avan eleksyon an. **Apati sikl elektoral 2023 a, konfòmeman ak [Iwa lokal 048/2022 a, kandida ki sou bilten an men ki pa patisipe nan yon deklarasyon video pou Gid elektè CFB a ap pèdi retni 5% sa.](#)** Asire w ou veye anons ajan lyezon w lan nan sèvis kandida yo konsènan soumisyon skrip ak anrejistreman video deklarasyon gid elektè w la nan kòmansman ane 2023 a.

CFB kenbe tou fon publik pou kèk kontribisyon ki ka vyole Lwa ak Règ yo. An plis, kèk tip depans ka lakoz gen dediksyon nan pèman fon publik ou yo (gade chapit 6 nan [Manyèl la](#) pou plis enfòmasyon) Y ap voye yon lèt pèman ki gen enfòmasyon sou nenpòt rediksyon ak dediksyon nan pèman fon publik la bay kanpay ou a nan dat yon peman ki prevwa, epi revizyon deklarasyon ou a pou divilgasyon deklarasyon sa a ap bay enfòmasyon detaye.

Yon fwa ou abòde pwoblèm konfòmite ki afekte peman ou (tankou korije reklamasyon matche ki pa valab oswa dokimante kanpay la ranbouse kontribisyon ki depase limit la/entèdi) epi divilge sa a bay CFB a, ou ka kalifye pou resevwa plis oswa kenbe lajan publik nan yon fiti peman. Aprann plis sou odit anvan eleksyon ak revizyon deklarasyon nan Chapit 5 [Manyèl la](#).

## INELIJIBLITE POU FON PIBLIK

Anplis de sa yo pa satisfè egzijans debaz yo nan seksyon Kalifikasyon pou Fon Publik nan paj. 1-2 nan dokiman sa a, kanpay ou a ka pa elijib pou resevwa lajan publik si nenpòt nan bagay sa yo vre:

1. Gen yon diferans ant aktivite finansye kanpay la divilge ak aktivite finansye ki dokimante nan dosye bank kanpay la (yon “**divèjans nan rapò**”) 10% oswa plis pou resi oswa 40% oswa plis pou debousman. Sa vle di si kantite lajan yo depoze nan kont labank kanpay ou a epi ki depanse nan kont labank ou a siyifikativman diferan de kontribisyon ak/oswa depans yo divilge yo, ou ka pa elijib pou w resevwa lajan publik.
2. Kanpay la pa rapòte **enfòmasyon sou travay** pou 25% oswa plis nan kontribisyon li yo ki pi plis pase \$99.
3. Kanpay la pa bay **dokimantasyon bakòp** konplè epi egzak pou 20% oswa plis nan kantite reklamasyon an kontrepatti (matching claim) ki soumèt.

Gen plizyè lòt faktè ki ka mennen nan yon detèminasyon inelijibilite, tankou pa bay dokiman CFB a mande oswa depase limit depans la; gade [Règleman Konsèy](#) 3-01(d) pou plis enfòmasyon.

Si w gen nenpòt kesyon, tanpri kontakte Lyezon Sèvis Kandida w la dirèkteman oswa nan [CandidateServices@nyccfb.info](mailto:CandidateServices@nyccfb.info).